



Patisipasyon nan Piblikasyon Medyatik

Cambridge Public Schools (CPS) selebre reyalizasyon elèv yo, pwofesè yo, ak pèsònèl la atravè yon varyete medya difize, anliy, enprime, ak odyo.

CPS pran angajman pou l pwoteje vi prive elèv yo. Done elèv yo ka enkli, men pa limite nan, non yon elèv, imaj, pawòl, travay elèv la, pèfòmans oswa mouvman, anrejistre, sou kèlkeswa fòm, ki enkli, men pa limite nan, imaj, fim, anrejistreman, foto, anrejistreman odyo, anrejistreman videyo oswa dokiman ekri (pi devan yo rele kolektivman "Travay"). Paran/gadyen/responsab yo gen dwa pou otorize, pa otorize ak/oswa limite piblikasyon Travay sa yo. **Si pa gen seleksyon ki fèt, yo pral dedui ke piblikasyon Travay elèv la pa otorize.**

Tanpri chwazi opsyon A, B, oswa C epi siyen epi date fòm ki anba a.

A. CAMBRIDGE PUBLIC SCHOOLS AK PIBLIKASYON MEDYATIK

Mwen otorize Cambridge Public Schools, òganizasyon patnè kominotè yo, inivèsite ak kolèj ki baze nan Cambridge ak medya enfòmasyon (difize, dijital, ak/oswa enprime) pou anrejistre, fè fim, pran foto, anrejistre sou odyo oswa videyo non pitit mwen an, imaj li, resanblans li, pawòl li, travay elèv li, pèfòmans ak mouvman ak eksperyans aprantisaj sou kèlkeswa fòm nan (ki pi devan yo rele kolektivman "Travay"). Anplis, mwen otorize Cambridge Public Schools, òganizasyon patnè kominotè yo, inivèsite ak kolèj ki baze nan Cambridge ak medya enfòmasyon yo pou yo itilize, afiche, pibliye, distribye oswa espòze Travay sa yo oswa nenpòt pati ladan yo, nan nenpòt fason, san limitasyon nan koneksyon ak tout materyèl pwomosyonèl enprime ak/oswa dijital ke Cambridge Public Schools te ka kreye, òganizasyon patnè kominotè yo, inivèsite ak kolèj ki baze nan Cambridge ak medya enfòmasyon, ki enkli sitwèb ak rezo sosyal li yo, tankou Facebook, Instagram, LinkedIn ak Twitter, tout sitwèb ki te apwouve pa Depatman Sèvis Enfòmasyon, Kominikasyon, ak Teknoloji Cambridge Public Schools ak/oswa pou difizyon nan televizyon, ki enkli Cambridge Educational Access (CEA) ak/oswa afichaj, piblikasyon, distribisyon oswa ekspozisyon enfòmasyon sa yo pandan evènman kominotè oswa eskolè yo, ak lòt piblikasyon tankou bilten enfòmasyon lekòl la, pandan yon jounen pòt ouvè lekòl, oswa yon ekspozisyon piblik travay elèv yo oswa anons bousdetid, prim, onè ak/oswa pwojè apre lekòl segondè yon elèv nan kad enstriksyon nan salklas.

Nan antre nan konsantman enfòmasyon sa a, mwen libere Cambridge Public Schools ak Lekòl Pitit mwen an ak dirijan, administratè, ajan ak/oswa pèsònèl respektif yo kont tout responsablite, pèt, domaj, depans, reklamasyon ak/oswa kòz aksyon ki soti nan oswa ki lye ak aparasyon oswa patisipasyon pitit mwen an nan Travay sa yo. Mwen konprann tou ke aparasyon ak/oswa patisipasyon pitit mwen an nan Travay sa yo pa gen okenn konpansasyon pou mwen menm oswa pou pitit mwen an.

B. PIBLIKASYON MEDYATIK CAMBRIDGE PUBLIC SCHOOLS

Mwen otorize Cambridge Public Schools yo ak/oswa Lekòl pitit mwen an pou anrejistre, filme, fè foto, antejistremman odyo oswa videyo non pitit mwen an, imaj, resanblans, pawòl, travay elèv, pèfòmans ak mouvman, ak eksperyans aprantisaj sou kèlkeswa fòm nan (ki pi devan yo rele kolektivman "Travay"), epi itilize, afiche, pibliye, distribye oswa ekspòze Travay sa yo oswa nenpòt pati ladan yo, nan nenpòt fason, nan objektif ak nan koneksyon ak nan koneksyon ak tout materyèl enprime ak/oswa dijital ke Cambridge Public Schools te ka kreye ak/oswa sitwèb ak rezo sosyal Lekòl la tankou Facebook, Instagram, LinkedIn ak Twitter, nenpòt sitwèb ki te apwouve pa Depatman Enfòmasyon, Kominikasyon, ak Sèvis Teknoloji Cambridge Public Schools ak/oswa pou difizyon nan televizyon, ki enkli Cambridge Educational Access (CEA) ak/oswa montre, pibliye, distribye oswa afiche enfòmasyon sa yo nan evènman kominotè oswa eskolèl, ak lòt piblikasyon tankou bilten enfòmasyon lekòl la, nan yon jounen pòt ouvè lekòl oswa yon egzibisyon piblik travay elèv yo oswa anons bousdetid, prim, onè ak/oswa pwojè apre lekòl segondè yon elèv nan kad enstriksyon nan salklas.

Nan antre nan konsantman enfòmasyon sa a, mwen libere Cambridge Public Schools ak Lekòl Pitit mwen an ak dirijan, direktè, ajan ak/oswa pèsònèl respektif yo de tout responsablite, pèt, domaj, depans, reklamasyon ak/oswa kòz

Non Elèv la: _____ Lekòl: _____ Klas: _____



aksyon ki soti nan oswa ki lye ak aparasyon oswa patisipasyon pitit mwen an nan Travay sa yo. Mwen konprann tou ke aparasyon ak/oswa patisipasyon pitit mwen an nan Travay sa yo pa gen okenn konpansasyon pou mwen menm oswa pou pitit mwen an.

C. PIBLIKASYON MEDYATIK BAZE NAN BILDING LEKÒL/SAL KLAS YO

Mwen otorize CPS ak/oswa lekòl pitit mwen an pou yo anrejistre, filme, pran foto, anrejistreman odyo oswa videyo non, imaj, resanblans, pawòl, travay elèv, pèfòmans ak mouvman ak eksperyans aprantisaj pitit mwen an sou kèlkeswa fòm nan (ki pi devan rele kolektivman "Travay") epi itilize, afiche, pibliye, distribye oswa ekspoze Travay sa yo oswa nenpòt pati ladan yo, nan nenpòt fason, nan objektif ak nan koneksyon ak nenpòt objektif lekòl ki enkli, men pa limite nan, afichaj foto pitit mwen an nan yon sal klas oswa yon bilding lekòl oswa yon koulwa lekòl, ki pèmèt pitit mwen patisipe nan pwojè lekòl anrejistre, nan itilize foto, fim oswa anrejistreman pou itilizasyon enstriksyon oswa bay sèvis, pou kreye "liv souvni"/albòm sal klas pou elèv ak fanmi yo, pou kreye bilten enfòmasyon dijital oswa enprime nan sal klas oswa lòt piblikasyon konsa yo pou elèv ak fanmi yo epi/oswa afiche, pibliye, distribye oswa ekspoze enfòmasyon sa yo nan evènman kominotè oswa eskolè (tankou jounen pòt ouvè lekòl la oswa yon ekspozisyon piblik travay elèv yo oswa nan kad enstriksyon nan salklas) oswa pou mete pitit mwen an nan kontèks lekòl la tankou foto klas la oswa dyaporama eskolè pou montre travay ak pèfòmans elèv la.

Nan siyen fòm sa a, mwen bay pèmasyon jan sa endike la a epi epi otorize nan yon fason ekspresif Cambridge Public Schools ak/oswa lekòl la pou itilize, totalman oswa an pati, non pitit mwen an, resanblans, imaj, pawòl, travay elèv, eksperyans aprantisaj, pèfòmans ak mouvman pou bi edikatif.

Mwen Chwazi Opsyon: _____ (chwazi A, B, oswa C)

Non Elèv: _____

Non Paran/Gadyen/Responsab: _____

Lekòl: _____ Klas: _____

Kominote Aprantisaj (CRLS): _____ Pwofesè/Klas: _____

→ Siyati Paran/Gadyen/Responsab: _____ Dat: _____

Si Elèv la gen 18 an oswa Plis:

→ Siyati Elèv: _____ Dat: _____